

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis patali jeung términologi tokoh Ciburuy sarta tradisi nu dipukuh ku masarakat Ciburuy, bisa dicindekkeun sawatara hal sakumaha ieu di handap.

- 1) Dina tradisi Kabuyutan Ciburuy, tokoh Ciburuy nya éta pengkuh kana aturan-aturan nu kudu dilaksanakeun sacara rutin dina wujud pantrangan jeung upacara séba. Salah sahiji tokoh utama anu mindeng dilakukeun nya éta ngaberesihan barang-barang nu aya di éta tempat. Sarta nu kudu diayakeun téh kadaharan pikeun upacara Séba nya éta Ladu anu teu dicampur tipung, Ulén asli tina ketan teu dicampur béas, jeung Wajit anu teu dibungkus. Éta bahan-bahan kadaharan téh asli hasil tina tatanén masarakatna. Tina tradisi Kabuyutan Ciburuy, istilah *tukuh Ciburuy* diinjeun pikeun digunakeun ku masarakat Sunda sacara umum dina wangun babasan. Babasan *tukuh Ciburuy* hartina tokoh kaleuleuwihi, sanajan tétéla tangtunganana teu pati bener atawa moal aya matakna upama dirobah ogé. Tokoh Ciburuy ngandung harti yén éta jelema téh kukuh pengkuh dina sikep jeung pamadegan, teu bisa digoda atawa dibibita ku hal séjén demi kayakinan nu diagem atawa dicekel ku dirina. Términologi *tukuh Ciburuy* sakumaha nu mekar dina babasan di masarakat Sunda sacara umum, sanajan aya nu sarua ma'nana tétéla béda jeung términologi nu dikeukeuhan ku masarakat Ciburuy. Sasaruan

terminologi tokoh Ciburuy nu dikeukeuhan ku masarakat Kampung Ciburuy jeung dina babasan masarakat Sunda sacara umum nyaéta sikep pengkuh kana hiji hal, teu bisa digoda atawa dibibita ku hal séjén demi kayakinan nu diagem atawa dicekel ku dirina. Sedengkeun bédana ngawengku: a) *Tukuh Ciburuy* nu dikeukeuhan ku masarakat Ciburuy gelar leuwih ti heula batan nu aya dina babasan masarakat Sunda; jeung b) *Tukuh Ciburuy* nu dikeukeuhan ku masarakat Ciburuy ngawujud dina sikep pengkuh ngalaksanakeun kagiatan-kagiatan nu nyampak dina tradisi turunan ti karuhunna. Sedengkeun dina babasan mah teu kawatesanan ku tradisi, tapi mangrupa sikep pengkuh kana rupa-rupa hal nu dianggap tangtungan atawa kayakinan;

- 2) *Tukuh Ciburuy* sakumaha dina terminologi masarakat Ciburuy ngawujud dina wangun pantrangan jeung upacara séba.
 - a. Dina tradisi Kabuyutan Ciburuy, pantrangan ngawujud dina kagiatan-kagiatan atawa hal-hal nu meunang dilakukeun ku masarakatna. Masarakat Ciburuy kacida tukuha kana éta pantrangan, saupama dirémpak dianggap baris ngadatangkeun mamala ka nu ngarémpakna. Sawatara pantrangan nu nyampak di Kabuyutan Ciburuy téh di antarana nyaéta: a) henteu sagawayah jalma bisaasup ka Kabuyutan Ciburuy. Pikeun bisa asup ka éta tempat, perlu ayana ijin ti nu jadi kuncén kalawan merhatikeun kaperluanana; b) pikeun tamu nu lain bagian internal adat Kabuyutan Ciburuy, teu meunang asup ka kabuyutan dina poé salasa jeung jumaah. Ditilik tina dongéngna mah, éta poé téh husus digunakeun pikeun kagiatan-kagiatan internal. Poé salasa nya éta poé anu dipaké

pikeun musawarah, sedengkeun poé Jumaah pikeun kagiatan ibadah; c) jalma anu datang atawa asup ka Kabuyutan Ciburuy kudu dina kaayaan suci, utamana awéwé lamun keur halangan ulah ngahajakeun datang ka éta tempat; d) muka jeung ngaluarkeun barang-barang pusaka henteu sagawayah, tapi aya waktu anu tangtu; jeung é) kadaharan nu dijieun pikeun kaperluan upacara séba teu meunang didahar atawa diasaan saméméh upacara réngsé.

- b. Upacara Séba mangrupa hiji kagiatan nu sacara rutin unggal taun wajib dilaksanakeun ku sakabéh warga ciburuy nu percaya kana éta hal. Saméméh upacara dilaksanakeun sok diayakeun heula tawasulan nya éta waktu nyepi, maksudna pikeun unjukan, sanduk-sanduk, biasana dilakukeunana wiridan. Waktuna peuting, malem salasa nepi ka malem rebo. Ti beurangna nu jelasna poé senén masarakat Kabuyutan sok ngayakeun kikis nyaéta nyieun séség anu dijieuna tina awi. Dibeulahan terus diéntép nepi ka rapih. Poé salasana husus pikeun nyieun kadaharan, anu dijieuna tina ketan, diantaranya ladu, ulén jeung wajit. Upacara Séba dilaksanakeun kalawan kudu tunduh kana sawatara katangtuan nu ngawengku: a) tatahar heula saméméh upacara lumangsung (beberesih di sabudeureun kabuyutan), b) upacara séba dilaksanakeun poé Rebo minggu ka tilu, bulan Muharam, ti jam salapan peuting nepi ka tengah peuting, c) panutup, nya éta kagiatan ngaberesihan barang pusaka nu dijieun tina beusi atawa kuningan, saterusna ngahaturan tuang ka masarakat anu nyaksian upacara séba. Kadaharana mangrupa tumpeng

bodas jeung deungeunana sapuratina; jeung d) jalma-jalma anu kalibet dina kagiatan upacara nya éta sakabéh nu hadir jeung nu nyaksian kudu hikmat sarta boga kapercayaan anu kuat ku ayana éta karuhun nu nunda barang-barang pusaka di kabuyutan Ciburuy.

- 3) Tanda indéks dina tradisi Tuhuh Ciburuy di Kabuyutan Ciburuy, Kacamatan Bayongbong, Kabupatén Garut, nyampak dina kagiatan beberesih jeung nyalikkeun.
- 4) Tanda simbol nyampak dina pakakas jeung sasajén, kayaning parukuyan, séség awi, hanjuang héjo, kembang tujuh rupa, tumpeng bodas sapuratina, ladu teu ditipungan, ulén ketan, wajit, seupaheun sapuratina, kulub endog, sarta kopi pait jeung kopi amis. Parupuyan ngawujud wadah paranti meuleum menyan, kalawan maksud ngahasilkeun haseup nu seungit. Ieu hal dijadikeun simbol médium indrawi ngantengna dunya manusa jeung kosmologi dunya luhur dina sistem kapercayaan zaman Hindu. Ngaliwatan meuleum menyan dina parupuyan, nu nyicingan dunya luhur (karuhun nu geus tilar) dipiharep hadir dina upacara. Séség awi jeung hanjuang héjo mangrupa panyinglar pikeun nyaring sangkan nu turun ti buana luhur téh ukur kakuatan hadé, sedengkeun kakuatan goréng dina wujud dedemit jeung sabangsana mah teu ilubiung. Éta hal némbongkeun ayana antara kahadéan jeung kagoréngan, antara nu hak jeung nu batil. Nu sarupa kitu nyampak ogé dina sasajén nu mangrupa kopi pait jeung kopi amis. Kopi pait simbol tina kabatilan atawa kagoréngan, sedengkeun kopi amis simbol tina hak atawa kahadéan. Tina éta hal, baris kagambar kosmologi perkara kahadéan atawa nu hak salawasna kudu

diperjoangkeun jeung tetep hirup sangkan ngancik jeung jadi dadasar kalakuan jiwa-raga manusa di alam dunya. Sasajén nu mangrupa seupaheun sapuratina jeung kembang tujuh rupa némbongkeun asas kawanojaan. Salian ti simbol dualisme antagonistik, kopi ogé mangrupa simbol tina asas lalaki. Asas kawanojaan jeung lalaki téh ngagambarkeun kosmologi dunya pancatengah (dunya manusa) jeung dunya luhur. Asas kawanojaan mangrupa simbol dunya manusa, sedengkeun asas lalaki mangrupa simbol dunya luhur. Ladu nu teu ditipungan nyababkeun warna beureum (semu coklat) teu kahibaran, tur wajit, jadi simbol asas lalaki nu ngawakilan dunya luhur. Sedengkeun ulén warnana bodas, ngawakilan asas kawanojaan salaku répréséntasi dunya manusa. Sasajén nu mangrupa endog ngagambarkeun simbol awal kahirupan. Endog téh diasupkeun kana kalapa meunang meulah, jadi simbol tina awal kahirupan ku perantarana asas kawanojaan (simbol kalapa). Kalapa dibagi dua, sabeulah dipaké ngawadahan endog minangka simbol asas kawanojaan, sabeulah deui ditangkubkeun hareupeun parupuyan minangka wawakil simbol asas lalaki. Dua bagian kalapa dipisahkeun, jadi simbol misahna asas kawanojaan jeung asas lalaki, tapi saéstuna mangrupa hiji bagian nu teu bisa dipisahkeun. Nu pamungkas sasajén tumpeng nu wujudna kawas gunung, ngalambangkeun hiji poros kosmos (*axis-mundi*) nu dianggap tempat nu bisa nyambungkeun dunya manusa jeung dunya luhur. Tanda simbol nu nyampak téh nganteurkeun kana ngamaknaan gambaran kosmologi masarakat Sunda jaman buhun. Tanda simbol dina tradisi Tukuh Ciburuy didadasaran ku *referent* nu bisa dimaknaan salaku ayana kayakinan masarakat Sunda buhun di Kabuyutan Ciburuy kana kosmologi Sunda buhun.

- a. Tanda indéks patali jeung kagiatan beberesih bisa dima'naan salaku nyucikeun diri sangkan teu kakeunaan ku dosa jeung sangkan dibéré berkah keur nyinghareupan jalan kahirupan. Gambaran kosmologi tina éta kagiatan téh napak dina konsép manusa ngawujud mangrupa mikrokosmos alam nu kahirupan sagemblengna kudu anut jeung ngajalankeun siksa (aturan) *Sang Hyang Darma*. Ku jalan anut kana siksa *Sang Hyang Darma*, manusa baris jadi mahluk idéal nu engkéna bisa nyangking kasampurnaan surga abadi. Aya kalana manusa teu gugon atawa méngpar tina éta tetekon, nepi ka kudu meresihan dirina sangkan bisa balik deui jadi suci atawa beresih.
- b. Kagiatan *nyalikkeun* nya éta ngondang roh karuhun, sangkan bisa nyurup ka salah saurang anu dianggap mampuh atawa kuat pikeun ngawarugaanana. Mantra-mantra jeung amanat-amanat anu dikaluarkeun atawa diucapkeun minangka ramalan kahirupan nu bakal datang, sangkan dilaksanakeun minangka réaksi kana kajadian-kajadian nu tumiba dina jaman kiwari. Tanda indéks *nyalikkeun* mangrupa usaha ngahontal tujuan pikeun nyangking pituduh atawa hidayah nu ilahiah, pikeun maluruh solusi tina rupa-rupa pasualan nu disanghareupan tur ngahontal kautamaan hirup manusa nu religius-holistik dina kahirupan nyata. Éta hal ngahasilkeun makrokosmos, ngahadirkeun nu kudus ka manusa, nyampakkeun hal nu karamat ka alam manusa, nu baris nyebarkeun barokah ka sagemblengna ruang sakral jeung meresihan wilayah *profane*. Ngaliwatan *nyalikkeun*, mandala diciptakeun jeung nu ésénsi didatangkeun dina ruang nyata alam manusa. Jalma nu kaancikan jadi médiator nu ngahubungkeun dunya luhur

(buana nyungcung jeung buana larang) jeung dunya manusa (buana pancatengah).

- c. Sasajén hadir dina upacara minangka simbol tina ngahijina kosmos, dunya luhur jeung dunya manusa, hadirna Nu di Luhur jeung dunya manusa. Maksud éta hal téh minangka sarat kahontalna kasalametan, rahayu, sejahtera, jeung kasuburan pikeun hirup jeung kahirupan manusa, ti awal kahirupan ku perantara asas kawanojaan jeung asas lalaki nepi ka kahirupan sabadana di dunya luhur.

5.2 Saran

Dumasar kacindekan sakumaha ditétélakeun di luhur, aya sawatara saran nu dipiharep bisa mekarkeun atawa ngeuyeuban panalungtikan budaya tradisi masarakat Sunda jeung ningkatkeun kasadaran masarakat sacara umum kana titinggal purbakala atawa kasajarahana. Éta saran téh di antarana:

- 1) Salian ti ngeukeuhan tradisi sakumaha nu nyampak dina tokoh Ciburuy, sawadina masarakat Ciburuy jeung masarakat lianna ngariksa Kabuyutan Ciburuy sangkan tetep ngadeg tur bisa digunakeun salaku wahana mekarkeun pangaweruh jeung atikan keur generasi sapandeurieuanana;
- 2) Ditilik tina ambahan ulikanana, ieu panalungtikan saukur nalungtik términologi jeung wangun pikukuh dina tokoh Ciburuy, sedengkeun pikeun panalungtikan lianna hadé saupama ambahan ulikanana dilegaan kalawan ditambahan ku nalungtik kaarifana lokal, sistem lingkungan, pedaran pakakas

titinggal purbakala atawa sajarah nu nyampak, pedaran eusi naskah nu nyampak; jeung

- 3) Nalungtik perkara tradisi dina kabudayaan masarakat teu cukup ukur dibekelan ku pangaweruh paélman Antropologi. Sangkan hasil panalungtikanana leuwih jembar jeung nyugemakeun penting pisan panalungtik nu aya minat nalungtik tradisi mekelan dirina ku paélman-paélman lianna kayaning, Psikologi, Komunikasi, Sosiologi, jeung *science*.

